

Maladi Nou Ka Anpeche Nan Ayiti Avek Vaksen

Chabon

Bèt ki ka pran vaksen – Bèf, Cheval/Bourik/Millet, Kabrit/Mounton, kochon ,Chen ak Chat

Bèt ki PA pran vaksen – tout manman bèt ki gwo , gwo plenn

Depi ki laj w ka bay vaksen – depi ti bèt gen yon mwa

Ki le pou bay – yon fwa pa ane, epi si gen epedimi nan zon nan w met bay zon ki sou kote

Ki doz vaksen pou bay – tout bèt ap jwenn 1 ml nan mis Selman kabrit ni mouton pran ½ ml nan mis (si w bay 1ml yap gen move reyaksyon)

Raj

Bèt ki ka pran vaksen – tout bèt ak san cho

Depi ki laj w ka bay vaksen – depi li fet epi je yo louvri epi yok a mache

Ki le pou bay – yon fwa pa ane epi si yon lòt bèt w sispek ka anraje mode bèt pa w

Ki doz vaksen pou bay – 1ml amba po oubyen nan mis

Newkastel

Se volay kap pran vaksen – Poul, kodin, kanna, epi lòt zwazo

Depi ki laj w ka bay vaksen – depi 1 jou

Ki le pou bay – 1 fwa pa ane

Ki doz pou bay – li gen 2 fòm de vaksen nou sèvi avek an Ayiti: sa w bay nan je le yo fek fèt epi sa nou bay nan mis yo. Toujou li flakon pou konnen konbyen pou bay.

PPK (Pest Porsin Klasik)

Ki bèt ki ka pran vaksen – kochon

Depi ki laj w ka bay vaksen – depi yon mwa

Ki le pou bay – 1 fwa pa ane

Ki doz pou bay – 2 ml nan mis

Teschens (Ren Kase)

Ki bèt ki ka pran vaksen – kochon

Depi ki laj w ka bay vaksen – depi yon mwa

Ki le pou bay – Primye ane w bay 1 fwa epi bay 2eme doz apre 1 mwa. Apre sa se 1 fwa pa ane

Ki doz pou bay – 2 ml nan mis

DHLPP (Distemper, Hepatitis, Leptospirosis, Parainfluenza, Parvo)

Ki bèt ki ka pran vaksen – chen

Depi ki laj w ka bay vaksen – bay twa doz twa semen apa. 1ere doz a 6 semen, 2eme doz a 9 semen epi 3eme doz a 12 semen. Si se yon gwo ras li toutou pi bon pou bay yon 4eme piki a 16 semen. Apre sa bay yon fwa pa ane.